

Lwa sou dwa paran pou entimite ak pwoteksyon done yo

Ni lwa eta a, ni lwa federal pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye pitit ou a. Yo rele enfòmasyon ki gen done espesifik sou elèv sa yo "enfòmasyon ki ka idantifye yon moun". Anba lwa edikasyon eta Nouyòk, si w se yon paran nan distri lekòl leta Vil Nouyòk (NYCDOE), ou gen dwa sa yo sou vi prive ak pwoteksyon enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou a.

- (1) Yo pa ka vann ni devwale enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou a pou fè okenn piblisite.
- (2) Si pitit ou a gen mwens pase 18 ane, ou gen dwa pou enspekte ak egzamine tout sa ki anndan dosye pitit ou a.
- (3) Dwe gen garanti anplas pou pwoteje done ki ka idantifye pitit ou lè y ap estoke oswa transfere yo. Garanti sa yo dwe satisfè nòm endistri ak nòm bon pratik. Pami egzanp garanti sa yo genyen chifraj, pwoteksyon kont dife ak pwoteksyon avèk modpas.
- (4) Ou gen dwa pou pote plent sou nenpòt vyolasyon posib nan done yon elèv ak pou fè yo konsidere konplent sa yo.

Voye konplent nan SED alekri bay Chief Privacy Officer, New York State Education Department, 89 Washington Avenue, Albany NY 12234, imèl bay CPO@mail.nysed.gov.

Voye konplent nan NYC DOE pa imèl nan data-security@schools.nyc.gov, oswa alekri bay Office of the Chief Information Officer, the Division of Instructional and Information Technology, New York City Department of Education, 335 Adams Street, Brooklyn NY 11201.

- (5) Ou gen dwa anplis kòm paran, tankou lòt dwa sou vi prive w dapre lwa federal. W ap jwenn yo nan *NYC DOE's Parents' Bill of Rights and Responsibilities*, ki disponib la a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/parents-bill-of-rights>

- (6) Ou ka jwenn yon lis konplè (nan lang anglè) tout tip done elèv ke Depatman edikasyon eta Nouyòk *New York State Education Department* (SED) kolekte nan lyen sitwèb sa a: <http://www.p12.nysed.gov/irs/sirs/documentation/NYSEDstudentData.xlsx>

Ou ka jwenn tou yon kopi lis sa a si w ekri Office of Information & Reporting Services, New York State Education Department, Room 863 EBA, 89 Washington Avenue, Albany, NY 12234.

T&I-22087 (Haitian Creole)